**दिन—बुधवार** **दिनांक—9.04.2025**

प्रसार भारती
(भारत का लोक सेवा प्रसारक)
प्रादेशिक समाचार एकांश
आकाशवाणी, पटना

प्रसारणः—शाम 06:25 बजे सँ अवधिः—05 मिनट

---

भारतीय रिजर्व बैंक नीतिगत रेपो दर मे पच्चीस आधार अंकक कमी कयलक अछि। आब रेपो दर छओ प्रतिशत भऽ गेल अछि। रिजर्व बैंक पांच वर्ष मे लगातार दोसर बेर रेपो दर घटओलक अछि। आइ मुंबई मे आरबीआई के गवर्नर संजय मल्होत्रा जनौलनि जे छओ सदस्यक मौद्रिक समिति एहि वित्त वर्ष पहिल बैसक मे सर्वसम्मति सँ रेपो दर कम करबाक निर्णय कयलक। रेपो दर मे कमी सँ होम लोन, कार लोन आ पर्सनल लोन पर ब्याज दर कम होयबाक संभावना अछि। एहि सँ ईएमआइ मे कमी आबि सकैत अछि। एकर अतिरिक्त रेपो रेट मे कमी होयबा सँ आर्थिक गतिविधि मे तेजी अयबाक अनुमान अछि।

---

केन्द्रीय मंत्री शांतनु ठाकुर कहलनि जे संशोधित वक्फ कानून सँ मुट्ठीभरि लोकक भावना आहत भेल अछि आ ओ सभ दोसर लोक सभ के सेहो भ्रमित करबाक प्रयास कऽ रहलाह अछि। आइ पटना हवाई अड्डा पर संवाददाता सभ सँ गपशप मे ओ कहलनि जे ई कानून वक्फ संपत्तिक उत्तम प्रबंधन सँ जुड़ल अछि आ एहि सँ संस्था आओर मजगूत भेल अछि। पत्रकार सभक एक प्रश्नक उत्तर मे श्री ठाकुर कहलनि जे पेट्रोलियम उत्पादक मूल्य वृद्धि एक सामान्य प्रक्रिया अछि।

---

राजदक वरिष्ठ नेता तेजस्वी प्रसाद यादव कहलनि जे हुनक पार्टी वक्फ कानूनक विरोध करैत अछि। आइ पटना मे संवाददाता सभ सँ गपशप करैत ओ कहलनि जे एहि कानून के लऽकऽ आब जदयूक भीतर सेहो बगावत शुरू भऽ गेल अछि।

---

सुप्रीम कोर्ट पटना मे गंगा नदीक कात भऽ रहल अतिक्रमण के लऽकऽ केन्द्र सरकार आ बिहार सरकार के जबाव तलब कयलक अछि। एक याचिका पर सुनवाई करैत न्यायमूर्ति जे.वी.पारदीवाला आ न्यायमूर्ति के.वी. विश्वनाथन के पीठ एहि संबंध मे चारि सप्ताहक भीतर रिपोर्ट दाखिल करबाक निर्देश देलक। पीठ जनौलक जे गंगा नदीक तटीय क्षेत्रक सुरक्षा आ पारिस्थितिकी संतुलनक लेल अतिक्रमण के शीघ्रतिशीघ्र हटायब आवश्यक अछि।

————————————————————————

पटना उच्च न्यायालय स्पष्ट कयलक अछि जे ग्राम कचहरी दस हजार टाका धरि वित्तीय दावा आ विभाजन मामिलाक सुनवाई करबाक लेल अधिकृत अछि। न्यायमूर्ति राजेश कुमार वर्माक पीठ विभिन्न ग्राम कचहरी द्वारा देल गेल आदेशक विरूद्ध दायर याचिका सभ पर सुनवाई करैत ई निर्णय सुनौलक। पीठ जनौलक जे पंचायतीराज अधिनियम दू हजार छओ के धारा एक सय एगारह ग्राम कचहरी सभ के शीर्षक आ स्वामित्व सँ जुड़ल विवादक निबटारा लेल अधिकृत नहि करैत अछि।

————————————————————————

भारतीय सेना अग्निवीर भर्तीक लेल पंजीकरणक अंतिम तिथि बढ़ा कऽ पच्चीस अप्रील कऽ देलक अछि। पहिने अतिम तिथि दस अप्रील निर्धारित छल।

————————————————————————

बिहार लोक सेवा आयोग जनौलक जे एकीकृत सत्तरिम संयुक्त मुख्य लिखित परीक्षाक लेल उम्मीदवार बारह अप्रील सँ अपन प्रवेश पत्र डाउनलोड कऽ सकैत छथि। परीक्षाक आयोजन पच्चीस अप्रील सँ तीस अप्रीलक मध्य होयब अछि।

————————————————————————

बेगूसराय, मधुबनी आ दरभंगा जिला मे वज्रपातक घटना मे दस लोकनिक मृत्यु भऽ गेल। जखनकि कतेको आन घायल भऽ गेलाह। हमर संवाददाता जनौलनि जे बेगूसराय जिलाक बलिया, मटिहानी आ साहेबपुर कमाल इलाका मे पांच लोकनिक मृत्युक खबरि अछि। दुर्घटना मे चारि लोक घायल भेलाह अछि। ओतहि, मधुबनी जिलाक रूद्रपुर थानाक अलपुरा आ अररिया संग्राम थाना क्षेत्रक पिपरौलिया गाम मे

ठनका खसबाक घटना मे तीन लोकनिक मृत्यु भेल अछि। दोसर दिस दरभंगा जिलाक बिरौल थाना क्षेत्रक लदहो कटैया गाम मे बिजली खसबा सँ एक बुर्जुगक मृत्यु भऽ गेल। ओतहि अही थाना क्षेत्रक महमुदा गाम मे बिजली खसबा सँ एक किशोरक मृत्यु भऽ गेल। एम्हर, पश्चिमी विक्षोभक प्रभाव सँ राज्यक उत्तरी भागक अधिकांश स्थान पर बेस राति सँ थमि–थमि कऽ वर्षाक क्रम जारी अछि। मौसम विभाग अगिला चौबीस घंटाक दरमियान राज्यक उत्तर–पूर्वी भाग मे वर्षा के लऽकऽ येलो अलर्ट जारी कयलक अछि। एहि दरमियान तेज हवा चलबा आ ठनकाक सेहो चेतावनी जारी कयल गेल अछि।

————————————————————————

बेगूसराय जिलाक साहेबपुर कमाल थाना क्षेत्र अंतर्गत सनहा नया टोला स्थित एक बगीचा सँ पुलिस दू हथियार तस्कर के गिरफ्तार कयलक अछि। हुनका लऽग सँ एक देसी पिस्तौल, दू कारतूस आ तीन मोबाईल फोन सहित कतेको आपत्तिजनक सामान बरामद कयल गेल अछि।

————————————————————————

समाप्त